



TRANSLATIONS

SIPÒ POU KLIYAN

Jesyon Dosye: Manadjè Dosye yo ede ak aplikasyon tankou lojman, avantaj LiHEAP ak SNAP, asistans pou lokasyon ak sèvis piblik, defans, sèvis referans ak plis ankò.

Preparasyon taks: Deklarasyon taks yo prepare gratis pou moun ki kalifye yo.

SÈVIS JÈN AK FANMI

Pwogram Kado Jou Ferye Winter Wishes: Ofri kado jou ferye yo pou timoun yo lè li matche fanmi ki elijib yo ak donatè ki pataje vrè lespri jou ferye yo.

Sakado pou Retounen nan Lekòl la: Yo bay elèv yo sakado ki ranpli ak founiti lekòl pou redwi chay finansye sou fanmi yo epi ankouraje siksè akademik.

Kalkile pou Siksè: Asire elèv lekòl segondè k ap swiv kou matematik wo nivo yo gen kalkilatris grafik ki nesèsè pou yo reyisi.

EDIKASYON POU GRANMOUN

HSE (Ekivalans Lekòl Segondè): Elèv yo resevwa leson patikilye youn a youn pou yo ka pase tès lekti, ekriti, syans sosyal, syans ak matematik epi, konsa, yo ka jwenn diplòm ekivalans lekòl segondè yo.



ESOL: Pwogram Anglè pou Moun ki Pale Lòt Lang yo (ESOL) ede elèv yo vin Moun ki Pale Anglè ak plis konfyans. Leson yo konsantre sou bati kapasite konvèsasyon, ogmante konfyans, ak pwononsyasyon apwopriye.

Preparasyon pou kolèj ak karyè: Pèsonalize karyè ak konsèy edikasyonèl pou ede jèn adilt ak adilt devlope plan reyalis pou plis edikasyon, fòmasyon travay, ak travay dirab ki ann amoni ak objektif ak fòs yo.

ÈD MANJE



Bank Manje: Kliyan ki anrejistre vizite chak 7 jou epi chwazi atik manje yo prefere. Prè adrès obligatwa.

Enskripsyon Nouvo Kliyan:

Lendi 9:15 am – 10:15 am ak 2:00 pm – 3:00 pm

Madi 12:15 pm – 1:15 pm ak 4:00 pm – 5:00 pm

Mèkredi 9:15 am – 10:15 am ak 4:00 pm – 5:00 pm

Jedi 9:15 am – 10:15 am ak 12:00 pm – 1:00 pm

Orè Bank manje:

Lendi 10:00 am - 4:00 pm

Madi 1:00 – 6:00 pm

Mèkredi 10:00 am – 6:00 pm

Jedi 10:00 am – 2:00 pm

Kazyè Manje: Yon altènativ 24 sou 24 pou moun ak fanmi ki pa ka gen aksè ak Bank Manje nou an. Pou plis enfòmasyon ak pou w enskri pou Kazyè Manje yo, eskane kòd QR >>

Mache Mobil: Patisipan yo chwazi pwodwi fre gratis, ki delivre dirèkteman nan katye yo. Mache sa yo sèvi rezidan Beverly ki nan konplèks lojman lokal ak sitwayen aje li yo.



FOOD LOCKERS



LÒT RESOUS NOU EDE SIPÒTE – MANJE KOMINOTÈ GRATIS

Yo ofri manje kominotè gratis 7 jou pa semèn nan Beverly. Eskane kòd QR pou yon orè konplè.

BOUTIK DEZYÈM MEN - 198 RANTOUL STREET

LOUVRI LENDI - VANDREDI: 9:30 AM – 6 PM; SAMDI: 10:00 AM - 5:00 PM



Ofri yon varyete enteresan epi ki toujou ap chanje de bon jan kalite, rad ize lejèman ak atik nan kay ki disponib a bon pri. Ofri pwodwi premye nesèsite a ba pri pou moun ki nan bezwen nan kominote nou an, men li tou louvri pou piblik la pou yo ka fè bon afè. Tout lajan yo ede finansye pwogram enpòtan Beverly Bootstraps yo.



Pou mande èd, eskane kòd QR oswa vizite: beverlybootstraps.org/request-assistance/
35 Park Street, Beverly • 978-927-1561 • BeverlyBootstraps.org